

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi anu geus dipedar dina bab IV, aya dua hal nu diguar dina ieu panalungtikan, nyaéta kontéks wacana jeung kontéks situasi dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

Patali jeung kontéks wacana dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna kapaluruh aya 405 data omongan. Éta data omongan disawang tina dalapan komponén, nu ngawengku 1) undak usuk basa Sunda, 2) nu dicaritakeun, 3) galur omongan, 4) kasang tukang tempat, waktu jeung suasana, 5) alat nu digunakeun, 6) rasa, nada, jeung ragam basa, jeung 7) amanat.

Undak usuk basa Sunda nu dipaké dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” téh ngagunakeun ragam basa wajar atawa loma, lantaran dina omongan-omongan nu dipakéna ngagunakeun kekecapan anu loma. Najan kitu, aya ogé anu ngagunakeun basa lemes jeung basa kasar. Hampir sakabéh panyatur dina ieu naskah ngagunakeun basa loma. Najan kitu, sababaraha panyatur ogé aya nu ngagunakeun basa lemes, sabab nyaluyukeun jeung kondisi ogé lawan tutur nu diajak nyarita. Basa kasar nu aya dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” ngan kapanggih hiji, éta ogé lantaran nu maké basa keur émosi sabab manéhna keur saré aya nu ngaganggu, ngagedor-gedor warung nu can buka.

Nu maké basa dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” aya 13 panyatur, nyaéta Pa Kadés, Jurutulis, Kurdi, Jang Cakra, Mang Edul, Bi Engkol, Awéwé 1, Awéwé 2, Awéwé 3, Awéwé 4, Rukmini, Pa Haji, jeung Pagawé Désa. Topik salancar nu dicaritakeunana dina ieu naskah nyaéta ngeunaan rahayat nu boga masalah pribadi, tapi dilaporkeun ka Pa Kadés, ti mimiti ménta jodo nepi ka laporan perkara manéhna sok disindiran dina *facebook*, lian ti éta oge nyaritakeun kahariwang ibu-ibu anu sieun salakina kagémbang ku Mojang nu sok balanja maké duit dua rébuan. ari topik jembarana nyaritakeun ngeunaan asal-usul éta mojang

jeung duit dua rébuan anu seungit téa, sarta Pa Kadés jeung Jurutulis nu gawé bareng ngarégsékeun ieu pasualan. Topik sambung luncat dina ieu naskah ngan ukur kapanggih saeutik, lantaran eusi topik nu dicaritakeunana sarua, henteu nyaritakeun omongan séwang-séwangan. Topik sambung luncat nu kapanggih dina ieu naskah ngan ukur selingan ti panyatur sangkan suasana omonganana henteu serius teuing.

Galur omongan dina ieu naskah diwengku jadi dua bagian, nyaéta adegan lahir jeung adegan batin. Dumasar adegan lahirna loba kapanggih kalimah nu ngandung kalimah komisif, lantaran para panyatur sering ngedalkeun wawaran/informasi. Najan kitu, kapanggih ogé aya sababaraha kalimah nu ngandung kalimah éksprésif, ngedalkeun bituna rasa, saperti rasa keuheul nu karandapan ku panyatur awéwé 1-4 ka Mojang geulis téa. Aya ogé kalimah nu ngandung ma'na miharep atawa disebut kalimah impositif. Ari dumasar adegan batinna, dina ieu naskah drama loba kalimah anu ngabogaan fungsi déklaratif, lantaran miboga fungsi pikeun méré béja ka pamiarsa/lawan tutur. Najan kitu, kalimah nu miboga fungsi paréntah, pananya jeung panyeluk ogé teu barung aya dina ieu naskah drama.

Dumasar kasang tukang lumangsungna omongan, tempat nu ngasangkutan dina ieu naskah drama nyaéta di rohangan balé désa, warung Bi Engkol, jeung imah Kurdi. Ari kasang tukang waktuna nyaéta isuk-isuk, beurang, jeung peuting. Suasana lumangsungna omongan dina ieu naskah drama “Mojang Dua Rébuan” nyaéta dina kaayaan biasa/henteu resmi, lantaran nyoko kana kahirupan sapopoé nu mindeng kaalaman di lembur. Najan kitu, suasana dines ogé kapanggih dina ieu naskah, nyaéta nalika Pa Kadés ngajalankeun tugasna salaku kepala désa. Nawaran layanan administratif jeung ngadéngékeun laporan/masalah ti warga.

Alat nu digunakeun dina ieu naskah drama maké alat bantu hapé, duit dua rébu, obat nyamuk, buku TTS, pulpén, sapatu, jeung barang dagangan. Ari gerak awak nu dipakéna nyaéta, pepeta, garo-garo teu ateul, ngambeuan duit, kerang-kerung, luak-lieuk, hulang huleng, gegeroan, jeung neuteup duit.

Rasa jeung nada omongan nu ngadominasi dina ieu naskah drama nyaéta rasa jeung nada keuheul, lantaran loba ngedalkeun kaambek jeung kakeuheul para ibu-ibu ka mojang geulis. Lian ti éta, rasa keuheul ogé jadi sumarebah ka Bi Engkol nu

sok ngaladangan éta mojang, ibu-ibu nepi ka ngancam rék ngancurkeun usaha Bi Engkol. Éta sababna rasa jeung nada keuheul tamplek dina ieu naskah. Ari ragam basa nu panglobana nyaéta ragam basa santai, lantaran eusi jeung alur caritana nyaritakeun kahirupan sapopoé nu sipatna santai.

Amanat nu kacangking dina ieu naskah drama nyaéta béréskeun masalah pribadi ku sorangan, ulah sok tampi raos upama aya nu nyindir, sarta upama aya masalah alusna diurus sacara kekeluargaan, ulah nepi ka mamawa batur, komo deui dilaporkeun ka pihak nu berwajib, nu pamungkas kudu silih hampura.

Salian tina kontéks wacanana, dina panalungtikan ieu ogé ngaguar ngeunaan kontéks situasina. Kontéks situasi nu kapanggih dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna ngawengku kontéks fisik, kontéks épistémik, kontéks linguistik, jeung kontéks sosial. Dumasar hasil panalungtikan, kontéks omongan nu panglobana kapanggih nyaéta kontéks fisik, lantaran dina kontéks fisik nuduhkeun langsung nu bisa ditempo ku indera manusa, tur posisina aya di sabudeureun obrolan. Anapon kontéks fisik dina ieu naskah nyaritakeun ngeunaan fisik Jang Cakra jeung mojang geulis nu indekos di kontrakan pa haji. Lian ti ngobrolkeun fisik, aya ogé nu nuduhkeun waktu jeung tempat lumangsungna komunikasi, saperti di balé désa, warung Bi Engkol, jeung imah Kurdi. Pamungkas, kontéks fisik dina ieu naskah drama aya nu ngadéskripsikeun watek para awéwé/ibu-ibu nu riweuh téa, katitén tina obrolan, sikep jeung paripolahna. Najan kitu, kontéks linguistik ogé kapanggih dina ieu naskah, lantaran ma’na omonganana bisa dipaluruh ngaliwatan kalimah saméméhna atawa kalimah nu nuturkeunana. Kontéks épistémik jeung kontéks sosial ogé aya dina ieu naskah, katitén tina kasang tukang pangaweruh nu pada-pada dipikanyaho ku para panyatur lantaran cicing di tempat nu sarua, nyaéta di daérah Cimités. Kontéks sosial anu kapaluruh katitén tina hubungan kekerabatan, kagiatan sosial jeung galibna kahirupan antar tatangga dina ieu naskah.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina widang kabasaan, utamana dina maluruh kontéks, sangkan henteu papalimpang tur henteu salah arti dina nafsirkeunana. Lian ti éta ogé bisa nyaluyukeun basa nu

dipaké nalika nyarita jeung batur luyu jeung kontéks nu disanghareupan. Nu pamungkas, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan kontéks wacana jeung situasi boh anu aya dina karya sastra.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil analisis jeung kacindekan di luhur, aya dua rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan ngulik kontéks kawacanaan dina ragam tinulis, nyaéta karya sastra naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén ngeunaan kontéks kawacanaan dina wangun nu lian, kayaning dina paguneman sapopoé atawa kontén youtube anu ayuena mah keur mahabu, sangkan bisa ngabandingkeun kontéks nu aya dina karya sastra jeung kahirupan saenyana téh geus luyu atawa acan.

Kadua, pikeun leuwih ngajembaran ulikan kabasaan hususna kontéks kawacanaan, dipiharep leuwih dijembaran deui ulikan nu dipedarna.